

10 bagay ou ka fè pou jere sentòm COVID-19 ou yo lakay ou


Vèson Aksesib: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/steps-when-sick.html>

Si ou gen COVID-19 posib oswa konfime:

1. **Rete lakay ou**, pa ale nan travay ni lekòl. Epitou rete lwen lòt andwa publik yo. Si ou dwe sòti deyò, evite pran nenpòt kalite transpò publik, pataj woulib, oswa taksi.



2. **Siveye sentòm ou yo** avèk anpil atansyon. Si sentòm ou yo vin pi mal, rele founisè swen sante ou touswit.



3. **Pran repo epi rete idrate.**



4. Si ou gen yon randevou medikal, **rele founisè swen sante a** davans epi di li ou gen oswa ou petèt gen COVID-19.



5. Pou ijans medikal yo, rele 911 epi **enfòme pèsonèl dispatchè a** ke ou gen oswa ou petèt gen COVID-19.



6. **Kouvri tous ak etènye ou** avèk yon klinèks oswa sèvi avèk andedan koudbra ou.



7. **Lave men ou souvan** avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa netwaye men ou avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan.



8. Ou dwe **rete** nan yon chamm byen presi epi **Iwen lòt moun** nan kay ou otank posib. Epitou, ou dwe itilize yon twalèt apa, si gen disponib. Si ou dwe ozalantou lòt moun oswa bét andedan oswa deyò kay la, mete yon mask.



9. **Evite pataje atik pèsonèl** avèk lòt moun nan kay ou, tankou asyèt, sèvyèt, ak atik kabann.



10. **Netwaye tout sifas** moun manyen souvan yo, tankou kontwa, anlè tab ak manch pòt yo. Sèvi ak spre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay dapre machaswiv ki sou etikèt la.

